

## KI SA MISYON NOU VLE DI POU KOMINOTE YO

Rejis pou Moun ki Fè Zak Seksyèl la egziste pou bay aksè a enfòmasyon sou moun ki fè zak seksyèl pou nenpòt moun ki gen pou wòl pran swen ak pwoteje lòt moun. SORB pa gen otorite legal pou enpoze kondisyon, sanksyon oswa restriksyon sou moun ki fè zak seksyèl yo. Olye de sa, SORB bay enfòmasyon sa a pou pèmèt ou fòme tèt ou e pran desizyon ki byen prepare. Konnen kiyès moun k ap fè zak seksyèl yo ye e konnen kote yo ye pèmèt ou prevwayan nan evite sitiyaasyon kote ou menm, fanmi w, kòlèg travay ou oswa anplwaye yo kapab gen posiblite pou tonbe viktim anba moun ki fè zak seksyèl.

## POU KIYÈS ENFÒMASYON AN DISPONIB?

Lwa Rejis pou Moun ki Fè Zak Seksyèl nan Massachusetts la egzije enskripsyon pou nenpòt moun ki te kondane oswa jije pou yon zak seksyèl nan oswa apre 1ye Out 1981, e ki abite, travay, ale lekòl oswa gen yon dezyèm adrès nan Massachusetts. Yo egzije enskripsyon kit te gen kondanasyon nan Massachusetts oswa yon lòt eta. Jijman yo gen ladan delenkan jivenil, jèn kriminèl ak Moun ki Danjere Seksyèlman. Gen kèk zak adilt ki egzije anrejistreman avi pandan gen lòt ki egzije anrejistreman pandan pa plis pase ventan. Agresè ki te jèn nan moman yo te fè zak yo a dwe anrejistre pou ventan. Malgre egzijans sa a, si SORB detèmine yon agresè pa yon risk oswa yon danje pou kominote a ankò, y ap libere agresè a de obligasyon pou l anrejistre li gen anvan yo.

Nan chak ka, SORB dwe detèmine si yon moun ki fè zak seksyèl poze yon risk oswa danje ki fèb (Nivo 1), risk oswa danje modere, (Nivo 2) oswa gwo risk danje (Nivo 3) pou piblik la. SORB dwe pwouve agresè ki te fè yon zak seksyèl kontinye poze yon risk pou refè zak e danjere pou kominote a yon fason pou mande anrejistreman avèk letan. Pòtay ESORI a pèmèt itilizatè yo fè sondaj pou tout agresè seksyèl Nivo 2 ak Nivo 3 yo.

## DEKLARASYON MISYON

Misyon Konsèy Rejis pou Moun ki Fè Zak Seksyèl (SORB) se pou ankouraje sekirite piblik nan edike ak fòme piblik la yon fason pou anpeche genyen plis viktim. Sa reyalize atravè anrejistreman ak klasifikasyon moun ki fè zak seksyèl yo selon risk pou refè zak la ak degre danje e bay piblik la sèten enfòmasyon konsènan agresè ki viv, travay ak/oswa frekante enstitisyon pi gwo nivo aprantisaj nan Kominote Massachusetts ann amoni avèk lwa a.

### LÒT RESOUS



SAFE KIDS  
THRIVE



Òganizasyon k ap sèvi jèn yo jwe yon wòl vital nan anpeche abi seksyèl sou timoun.

<https://safekidsthive.org/build-your-toolkit/how-to-use-safe-kids-thrive/>



MASSACHUSETTS CHILDREN'S ALLIANCE



Siy Abi sou Timoun

<https://machildrensalliance.org/signs-of-child-abuse/>

Fòmasyon pwofesyonèl yo ofri

<https://machildrensalliance.org/trainings/>



NATIONAL CENTER FOR  
MISSING &  
EXPLOITED  
CHILDREN



Ede Lekòl ak Kominote Anpeche Ekspwatasyon Seksyèl sou Timoun

<https://www.missingkids.org/content/dam/missingkids/pdfs/publications/sexualexploitationenschoolscommunities.pdf>



## VERIFIKASYON ESORI POU SANSIBILIZASYON

### ESORI

Pòtay Enfòmasyon Rejis  
Elektwonik pou Moun ki Fè Zak Seksyèl

*Verifikasyon Antesedan ki Konplè*

Pòtay Sèvis Kliyantèl ESORI

978-740-6478

sori.sori@mass.gov



## PÒTAY ESORI

Pòtay ESORI a, avèk otorizasyon Lwa Jeneral (G.L.) c. 6 §178I, se yon zouti sou entènèt ki fèt pou fasilite aksè. Li prepare pou lekòl, biznis ak lòt òganizasyon oswa moun k ap fè verifikasyon antesedan ki nòmal.

Ou kapab fè yon verifikasyon SORI byen rapid e byen fasil sou anplwaye, volontè, gad, antreprenè, ak lòt moun lè w sèvi ak non fanmi, prenon, ak dat nesans egzak yo. Yon itilizatè pèsònèl oswa òganizasyon gendwa aksede pòtay la atravè <https://www.mass.gov/sorb> kote yo pral kreye yon kont. Yonfwa l fin kreye yon kont, itilizatè a kapab voye demann, ki gen ladan demann batch pou plizyè sijè, sou entènèt. Y ap voye rezilta a sou kont itilizatè a genyen nan pòtay la gratis.

Pa egzanp, nan kreye yon kont oswa aksede enfòmasyon, kontakte Sèvis Kliyan Pòtèl ESORI a nan 978-740-6478 oswa atravè [sori.sori@mass.gov](mailto:sori.sori@mass.gov). Pou plis detay sou fason pou itilize pòtay la oswa kreye yon kont, vizite <https://sorb.chs.state.ma.us/esori-portal/login.xhtml>.



### Kesyon yo Poze Souvan ak Enkyetid Komen

**K:** Èske SORB egzije pèmasyon nan men anplwaye a, volontè a, gad la oswa antreprenè a pou l kapab jwenn enfòmasyon atravè ESORI?

**R:** Non.

**K:** Ki kote fòmilè mwen dwe voye a ye?

**R:** Yo pa egzije okenn fòmilè. Yo voye tout demann yo nan kont pòtay itilizatè a.

**K:** Ki enfòmasyon mwen bezwen pou m fè yon SORI?

Non fanmi, prenon ak dat nesans egzak pou chak demann.

**K:** Poukisa mwen bezwen yon verifikasyon SORI ak yon KORI?

**R:** Yon verikasyon Enfòmasyon sou Kazye Jidisyè (CORI) se yon zouti ki enpòtan e ki ta dwe fè pati nenpòt verikasyon antesedan. Sepandan, CORI se yon verifikasyon sou istwa kriminel yon moun nan tribinal leta Massachusetts. Verifikasyon SORI diferan parapò ak verifikasyon CORI piske li gen ladan tout agresè ki toujou nan egzijans pou yo anrejistre antanke yon agresè seksyèl nan Massachusetts. Egzijans sa a gendwa baze sou yon zak seksyèl deyò eta oswa federal ki pa parèt nan CORI yo.

Verifikasyon antesedan nasyonal ki fèt sou pwochen anplwaye yo pral gen zak ki fèt nan lòt eta yo ladan, men se pa tout moun k ap sibi kalite verifikasyon antesedan sa yo. Se yon egzijans pou w fè verifikasyon SORI chak peryòd.

**K:** Jis nan ki pwèn sa difisil pou fè yon verikasyon SORI?

**R:** ESORI fèt pou moun aksede l byen fasil. Tout demann yo kapab fèt sou entènèt, e plizyè demann kapab fèt yon sèl fwa lè w itilize egzanplè batch demann yo bay la. Anplis de sa, ESORI pèmèt yon moun fè yon verifikasyon sou pwòp tèt yo e resevwa yon rapò elektwonik yo kapab enprime epi voye lè sa nesèsè, bay anplwaye oswa òganizasyon yo yon lòt opsyon pou mande verifikasyon SORI san chaj administratif sou pèsònèl la.

**K:** Èske m kapab resevwa enfòmasyon sou agresè seksyèl Nivo 1?

**R:** Lalwa entèdi piblikasyon enfòmasyon Nivo 1 a piblik la.

**K:** Èske enfòmasyon w ap resevwa nan yon verifikasyon ESORI diferan de enfòmasyon w jwenn sou Sit Entènèt Piblik <https://www.mass.gov/sorb> SORB a?

**R:** Wi. Sit Entènèt Piblik SORB la bay yon bwochi ki gen adrès, foto ak enfòmasyon kondanasyon pou agresè Nivo 2 ki klasifye apre 12 Jiyè 2013, ak tout agresè Nivo 3. Pòtay ESORI a bay itilizatè yo yon lèt pa konpatib oswa konpatib ki gen enfòmasyon kondanasyon sou tout agresè Nivo 2 oswa Nivo 3 final yo.

**Non Itilizatè Pòtay ESORI mwen:**

**Endis pou sonje modpas:**

